

Mèt Travay la : kòman pou prepare w sizoka ICE ta vini sou lye travay la

- **METE PANO SOU TOUT PÒT ZÒN PRIVE YO**
ICE **ka antre** nan **zòn piblik** yo sou yon lye travay.
(pa egzanp sal amanje yon restoran oswa resepsyon yon biwo)
men ICE **pa gen dwa antre** nan **zòn prive** yo,
tankou kuizinn nan oubyen yon biwo fèmèn —
tout espas kote piblik la pa gen aksè..



- **CHWAZI DAVANS YON RESPONSAB KAP PALE AK ICE**
Se ta ka ou menm oswa yon manb nan pèsònèl travay la : se moun sa kap an chaj pou l pale direkteman avèk ajan ICE yo si yo vini nan travay la. Fòk **toujou** genyen yon responsab konsa toutan souplas nan lè travay la.



- **SE POU RESPONSAB SA JWENN FÒMASYON**
Li dwe konnen kòman pou l mete an sekirite anplwaye yo epi pwoteje anplwaye ki a risk yo, kominike avèk ICE, verifye manda yo eksetera. (gade tanpri **depliyon sou wòl responsab ICE**).

- **FÒME TOUT MOUN (TOUT PÈSONÈL LA) KAP TRAVAY NAN BIZNIS NAN**
Afiche yon kote tout moun ka wè byen fasil postè ki di "Si ICE vini kote nap travay la".
Fè yon ti rankont pou n revize tout konsiy yo avèk ekip la.
Fè egzèsis similasyon yon fason pou tout moun ka konnen kisa pou yo fè si ICE ta vini.
Tout moun a risk yo dwe rete kalm, antre nan yon zòn prive yo e fèmèn pòt.




Si ICE debake kote wap travay la

- **FÈ MÈT TRAVAY OU OSWA AJAN LYEZON ICE LA KONNEN**
- **ALE TOU DOUSMAN NAN YON ZÒN PRIVE**
- **Si yo arete w**
- **Si w temwen**

NIMEWO IJANS SIZOKA:
Leyon ICE (kote wap travay la):
Mèt Travay la:

- **EDE MOUN KAP TRAVAY AVÈ W YO JWENN ÈD YON AVOKA NAN DOMÈN IMIGRASYON**
Fè aranjman pou w genyen kontak yon avoka alavans avan sitiyasyon an rive.



AFICHE POSTÈ SA POU ANPLWAYE W YO.

NÒT : Se pou izaj jeneral sèlman dokiman sa a dwe itilize e aplike e LI PA YON GID JURIDIK OFISYÈL. Imigran yo, fanmi yo ak manb nan kominote a dwe jwenn yon konseye jiridik si yo bezwen konsèy oswa chèche jwenn èd yon reprezantan nan chak sitiyasyon oubyen sikonstans patikilye sa yo.

NIMEWO IJANS SIZOKA:

Avoka

Non konplè _____ Telefòn _____

Òganizasyon Imigrasyon

Non konplè _____ Telefòn _____

Pou trouve yon avoka nan domèn imigrasyon, skane kòd QR sa a, oubyen ale sou sit entènèt: immigrationadvocates.org/nonprofit/legaldirectory/

